

# Fè fas ak Anakè

*Aprann kijan pou rekonèt epi fè fas ak anakè sou entènèt ak nan telefòn.*

## 1. Kijan Mwen kapab Idantifye yon Anak?

Anak ka parèt nan yon varyete kote, tankou apèl nan telefòn, imèl, mesaj rezo sosyal, anons, elatriye. Anak yo se malerezman yon bagay ke nou tout rankontre sou aparèy nou yo epi chak fwa nou sou entènèt.

Objektif yon anak se twonpe w pou fè yon bagay oswa bay enfòmasyon ke anakè a ka itilize pou komèt vòl idantite, vòlè lajan w oswa lakòz lòt malè.

Men kèk karakteristik komen nan yon anak:

- **Anakè yo eseye twonpe w pou w panse ke ou kapab fè yo konfyans**

Yo ta ka eseye fè tèt yo pase pou enstitisyon finansye w oswa fabrikan aparèy ou an.

- **Souvan, anakè yo eseye fè w santi w pa dwe pèdi tan**

Yo pral ensiste ke se yon bagay ki ijan, se yon òf pou yon tan limite, oswa se yon kalite ijans ki nesesite yon aksyon rapid.

- **Anakè yo pral manipile emosyon ou yo**

Yo ta kapab eseye fè w pè oswa fè w eksite sou yon opòtinite pou ou pa reflechi yon fason kritik.

- **Sa rive souvan anpil pou anakè yo mande yon bagay**

Sa ta kapab lajan oswa detay ak enfòmasyon pèsomèl.

## 2. Kijan Ou kapab Fè Fas ak epi Evite Anak yo?

- **Pratike minimizasyon nimerik**

Fè atansyon ak enfòmasyon ou rann disponib sou entènèt. Anakè yo kapab sèvi ak sa pou voye mesaj ba ou ki ta kapab twonpe w.

- **Pa bay yon moun ou pa konnen enfòmasyon pèsonèl ou**

Fè atansyon ak sous ou pa konnen oswa apèl oswa imèl ou pa t ap tann, espesyalman ak enfòmasyon finansye.

- **Fè yon poz epi pran tan pou envestige demann yo pou asire w yo lejitim**

Ou ka chèche nimewo telefòn oswa adrès imèl yo pou asire w ke yo lejitim.

- **Pa klike sou lyen ni telechaje anyen jiskaske ou sèten sou moun ki voye I la**

Fè rechèch ou anvan, epi klike sou oswa telechaje sèlman lè ou sèten li lejitim.

- **Pa pran nan presyon!**

Yo ta kapab eseye fè w pè oswa fè w aji rapid. Pa janm voye lajan pou yon moun k ap fè presyon sou ou ni ba l enfòmasyon pèsonèl.

- **Pale ak yon moun ou konnen oswa rapòte yon bagay si li parèt sisplèk**

Ou kapab rapòte fwod bay Komisyon Komès Federal la oswa make bagay sa yo kòm kourye endezirab nan imèl ou oswa nan apèl ou oswa mesaj tèks ou.